



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJISLATIF POU RANFÒSE EFÒ
PREPARASYON POU KATASTWÒF NAN ETA NEW YORK**

Lejislasyon (A.25/S.3275) egzante sèten travayè sèvis piblik ak lòt travayè de entèdiksyon vwayaj yo te deklare pandan ijans yo

Lejislasyon (A.1905/S.1086) egzije yon plan pou livrezon medikaman ak founiti medikal nan famasi, lopital, ak mezon retrèt pandan katastwòf yo deklare

Lejislasyon (A.3217A/S.931A) asire ke moun ki itilize sèten aparèy medikal gen aksè a elektrisite pandan ijans

Lejislasyon (A.3318C/S.926C) egzije konpayi elektrik yo pou retabli sèvis nan Depatman Lapolis, Depatman Ponpye, ak Sèvis Anbilans pou notifiye Biwo Konte Lokal yo sou Jesyon Ijans nan 24 èdtan si konpayi an pa kapab retabli kouran elektrik

Gouvènè Hochul te siyen jodi a yon pake lejislatif pou amelyore efò preparasyon pou katastwòf atravè Eta New York.

"Nan Eta New York, nou pa tann pou katastwòf frape - nou rete plizyè pa an avan epi nou pare pou deplwaye resous ijans yo nan moman kriz", **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap kontinye ranfòse efò preparasyon pou ijans nou yo atravè Eta New York, pou asire aksè nan sèvis medikal, sèvis piblik, ak lòt resous enpòtan pandan moman difisil yo. Administrasyon mwen an konsantre sou ranfòse kapasite planifikasyon ak repons pou ijans eta a pou ede asire New York pare si yon katastwòf frape".

Lejislasyon (A.25/S.3275) egzante sèten travayè sèvis piblik ak lòt travayè de entèdiksyon vwayaj pandan ijans yo deklare. Wòl travayè sèvis piblik yo ak lòt travayè yo se yon eleman enpòtan nan preparasyon ak entèvansyon nan ka ijans. Gen kèk kominote ki te sibi pàn kouran ak kominikasyon pandan dènye tanpèt yo, an gran pati paske yo te anpeche pèsònèl sèvis piblik yo antre fizikman nan enfrastrikti elektrik ak kominikasyon ki te bezwen reparasyon. Nouvo lwa sa a pral ajoute klète, inifòmite, ak pèmasyon jeneral nan tout eta a pou sèvis piblik yo ak lòt travayè yo vwayaje ale ak soti nan zòn katastwòf yo pou kapab retabli kouran ak kominikasyon epi bay sèvis antretyen.

Senatè Eta a Kevin Parker te deklare, "Nan yon epòk move tan ki pi danjere, li enpòtan pou nou pran tout mezi pou nou prepare pou fè fas a katastwòf. Twò souvan, kominote yo soufri pàn enèji, kouran, ak sèvis piblik akòz pwotokòl enfrastrikti ki gen defo pandan ijans, jan nou te wè nan Gwo Tanpèt Sandy a. Mwen te fyè pou m sipòte de lejislasyon sa yo, ki pral ede amelyore enfrastrikti nou yo epi satisfè bezwen Nouyòkè yo fas a yon katastwòf. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa sa yo pou pran mezi pou ranfòse preparasyon pou ijans nou an".

Manm Asanble Kevin Cahill te deklare, "Lè tanpèt glas la te frape Konte Ulster nan sezon fredi pase a, Gouvènè Kathy Hochul te premye moun ki te sou tè a isit la. Li konnen ki jan aksè enpòtan pou pati responsab yo. Lè sèvis piblik esansyèl ak sèvis kominikasyon yo tonbe, sèvis sa yo dwe retabli pi vit posib. Mezi sa a (A.25) fèt pou elimine obstak legal ki anpeche retablisman sa a. Li inifòmize nan tout eta a sa ki te yon fragman nan lwa eta ak lokal ki gouvènè mouvman ekip travay esansyèl yo pandan entèdiksyon vwayaj ki asosye ak evènman ijans yo. Adopsyon lwa bon sans sa a asire ekip travay yo kapab vwayaje legalman sou wout eta nou an pou retabli kouran, kominikasyon ak lòt sèvis esansyèl pou Nouyòkè yo apre yon evènman katastwofik natirèl oswa lèzòm lakòz".

Lejislasyon (A.1905/S.1086) egzije Eta a fè yon plan pou livrezon medikaman ak founiti medikal nan famasi, lopital, ak mezon retrèt pandan katastwòf yo deklare. Li enpòtan pou Nouyòkè yo gen aksè nan swen medikal pandan yon eta ijans yo deklare. Lejislasyon sa a pral mande pou plan preparasyon eta a gen ladan aksyon pou ede famasi, lopital, ak mezon retrèt yo pou bay sèvis swen sante enpòtan nan yon zòn katastwòf.

Senatè Eta Jim Gaughran, te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa sa a ke nou konnen ki pral sove lavi pwochen fwa nou gen yon gwo tanpèt avèk gwo domaj ak pèt kouran nan kominote a".

Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare, "Sitou pandan n ap ajiste nou nan yon klima k ap chanje rapidman kote katastwòf natirèl yo pi souvan ak pi entans, li obligatwa pou New York prepare nan mezi posib pou kenbe aksè nan swen sante pou moun ki nan bezwen yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak ekip li a paske yo te woule manch rad yo pou travay sou enkyetid anvan yo konsènan lejislasyon sa a, ak Senatè Eta Gaughren pou patenarya li nan lòt chanm lan".

Lejislasyon (A.3217A/S.931A) asire ke moun ki sèvi ak sèten aparèy medikal gen aksè nan elektrisite pandan ijans. Lejislasyon sa a defini ki kalite aparèy medikal oswa ekipman ki t ap kalifye moun pou elektrisite esansyèl nan ijans. Jan nou te obsève nan katastwòf ki sot pase yo, anpil moun ki bezwen aksè nan elektrisite pou rezon medikal yo te rete san aksè pandan ijans. Lejislasyon sa a ap chèche pwoteje tout moun ki pèdi enèji nan ekipman medikal yo oswa lòt ekipman yo ki t ap devastatè oswa menase lavi. Soti nan yon tibebe ki fèk fèt ki bezwen yon monitè apne rive nan yon moun ki gen

opresyon febli ki deklanche pa chalè ak imidite, lejislasyon sa a pral sove lavi yon bann moun lè li konekte moun ak sèvis enpòtan.

Lejislasyon (A.3318C/S.926C) mande pou konpayi elektrik yo retabli sèvis nan depatman lapolis, depatman ponpye, ak sèvis anbilans pou notifye biwo konte lokal yo sou jesyon ijans nan 24 èdtan pandan ijans si konpayi an pa kapab retabli kouran elektrik. Sèvis pou sove lavi tankou lapolis, ponpye, ak sèvis anbilans jwe yon wòl enpòtan nan sove lavi sitwayen yo, sitou pandan katastwòf. Nouvo lwa sa a t ap ede asire ke tout lapolis, ponpye, ak anbilans ka kenbe bon jan elekrisite pou opere tout sistèm pwoteksyon lavi yo, ansanm ak operasyon debaz yo.

Senatè Eta Anna M. Kaplan, te deklare, "Li jis fè sans ke premye sekouris yo ak moun ki gen pwoblèm medikal grav yo ta dwe premye nan liy pou yo retabli kouran yo apre yon gwo tanpèt, men apre Sandy ak Isaias la, nou te wè twòp moun vilnerab nan Long Island, ponpye ak komisarya ki te rete nan fè nwa a pandan twò lontan. Nou dwe fè atansyon ak premye sekouris nou yo ak vwazen ki pi vilnerab nou yo pandan ijans yo, epi lwa mwen an pral asire ke yo ba yo priyorite epi trete yo ak swen. Sa yo se refòm ki gen bon sans epi mwen rekonesan paske Gouvènè Hochul siyen yo".

Manm Asanble Nader J. Sayegh, te deklare, "Pandan n ap kontinye fè fas ak pàn kouran ki gen rapò ak tanpèt alavni, bòdwo lejislatif mwen yo bay priyorite pou restorasyon an pou sipòte sèvis lapolis, ponpye, ak anbilans nou yo epi mande sèten founisè sèvis yo pou yo gen plan sansibilizasyon pou ede kliyan ki bezwen elekrisite pou rete an vi ak kenbe ekipman medikal yo fonksyonèl. Se yon bagay ki fè sans ke sekouris ijans nou yo ak moun ki gen ekipman medikal pou sove lavi yo bezwen kouran. Mwen kontan aprann ke lejislasyon mwen an ki abòde pwoblèm enpòtan sa a te adopte avèk anpil sipò bipatit nan tou de chanm lejislati a. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li siyen pwojè lwa sa yo ki pral pwoteje tout Nouyòkè yo".

Pat Guidice, Prezidan Konsèy Sèvis Piblik IBEW ak Direktè Komèsyal IBEW Local 1049 la, te deklare, "Aksè nan sèvis piblik esansyèl yo enpòtan anpil pou konsomatè yo nan Eta New York. Nan moman kriz, sitou nan evènman tanpèt, restorasyon sèvis la enpòtan anpil pou non sèlman alimante motè ekonomik gran Eta nou an, men tou pou pote konfò ak sekirite nan kominote nou yo. Pandan yon katastwòf, travayè sèvis piblik yo atravè Eta New York pami pèsònèl ki pi esansyèl pou retabli sèvis vital. Pàn kouran ka koute lavi, kidonk yo dwe asire deplwaman rapid ak san enteripsyon. Jodi a, nou remèsye Gouvènè New York la Kathy Hochul paske li te siyen pwojè lwa A.25/S.3275 ki egzante sèten sèvis piblik ak lòt travayè yo de entèdiksyon vwayaj pandan ijans yo te deklare".

James Shillitto, Prezidan Sendika Travayè Sèvis Piblik nan Etazini, Local 1-2, te deklare "Nan non tout manm mwen yo, ak travayè sèvis piblik atravè eta a, nou remèsye Gouvènè Hochul paske li te ban nou kapasite pou reyaji rapidman lè evènman meteyo oswa lòt danje limite vwayaj. Previzyon move tan nan wikenn fèt sa a ta ka fè nou pase eprè. Kounye a, nou ka entèvni, tankou tout travayè esansyèl yo, lè piblik la plis bezwen nou".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418